



Bwomelyad ak Moustik

Anpeche Moustik Miltipliye nan Bwomelyad Ou Yo

Plis Toujou sou Moustik

Moustik pa sèlman yon nwizans, yo kapab simaye maladi k ap mete lavi w an danje.



Pou rapòte pwoblèm moustik, oswa aprann plis sou kontwòl moustik, rele Sant Kontak Miami-Dade la nan 311 oswa al sou www.miamidade.gov/mosquito.

Yon enspektè kontwòl moustik ap mete Bti sou bwomelyad



Depatman Sanitasyon
Divizyon Kontwòl Moustik

www.miamidade.gov/mosquito



Bwomelyad. Se plant dekoratif ki popilè w ap jwenn nan anpil jaden Konte Miami-Dade. Moun renmen yo poutèt yo bèl ak fasil pou okipe.

Malerezman, gen yon lòt bagay ki renmen bwomelyad: moustik.

Gen varyete bwomelyad, yo rele bwomelyad rezèwva, ki kapab kenbe dlo nan mitan fèy yo.

Nan Konte Miami-Dade, gen plizyè espès moustik ki ponn ze nan bwomelyad rezèwva, tankou *Aedes aegypti*, oswa moustik lafyèv jòn nan. Ze yo kale lè gen dlo epi apre kèk jou, yo vin moustik granmoun ki kapab pike moun ak simaye maladi tankou lafyèv jòn, lafyèv deng, chikungunya ak pi dènyèman, Zika.

Bon nouvèl la seke sa pa mande anpil efò pou w anpeche moustik miltipliye nan bwomelyad ou yo.

Anpeche Moustik Miltipliye nan Bwomelyad Ou Yo

Moustik *Aedes aegypti* ki simaye maladi a pran apeprè sèt jou sòti nan ze rive granmoun—pafwa mwens tan, si tan an cho anpil. Se poutèt sa li enpòtan pou w okipe bwomelyad ou yo regilyèman.



Pou fè sa, ou kapab trete dlo ki nan bwomelyad ou yo pou touye lav avèk yon pwodi ki san danje. *Bacillus thuringiensis israelensis*, oswa Bti, se yon pwodi pou touye lav ki disponib sou mache a epi ki san danje lè w swiv enstriksyon yo pou sèvi avè l sou plant, moun ak bèt. Ou kapab jwenn li sou fòm ti grenn nan kenkayri, epitou anliy. Ou dwe mete grenn Bti yo chak yon oswa de semèn pou efikasite maksimòm.

